Абы нэмыщIкIэ мы гъэм и етIуанэ кварталым яухынущ ухуакIуэхэм папщIэ ящI краснэ уголокыр, псыдэгъуэ фермэм и лэжьакIуэхэр щышхэну, зыщагъэпсэхуну пэшхэр. Радио яшэнущ езанэ, етIуанэ, ещанэ Iэщ фермэхэм, гъавэ хъуманIэ хъэмым, мехмастерскоим, нэгъуэщIхэми.

МазитI-щыкIэ щIадзэнущ пхъэщхьэмыщхьэ хадэхэмрэ тепличнэ хозяйствэмрэ я лэжьакIуэхэм папщIэ зыгъэпскIыпIэ ухуэным.

Нужь зэманым колхозым и механизаторхэр лэжьыгъэм ешэлIэнымкIэ тезыгъэгушхуэ IуэхугъуэфIу уващ мэкъумэш лэжьыгъэхэр яуха пэужь, абыхэм лэжьапщIэм пэкIуэу гъавэ зэрыратыр. Абы и закъуэкъым. Мыбы щызэхалъхьащ икIи къыщагъэсэбэп Iуэхум езыгъэгугъу нэгъуэщIхэри. Къапщтэмэ, республикам и профтехучилищэхэм ягъэкIуа колхозхэтхэм зэрыщеджэ илъэсищым и кIуэцIкIэ ират стипендием нэмыщIкIэ хозяйствэм и хьэкъкIэ сом 15 хущIагъу. Еджэныр фIыуэ къиухыу, илъэситкIэ колхозым щылэжьа пэужь, IэщIагъэлI ныбжьыщIэм и лицевой счетым хуралъхьэнущ СПТУ-м илъэсищкIэ зэрыщеджам папщIэ сом 510-рэ.

Советскэ Армэм къулыкъу щыщIэныр зыухыу колхозым къэзыгъэзэжа икIи илъэс мынэхъ мащIэкIэ лэжьа ныбжьыщIэм пособнеу сом 600 ират. Дзэм кIуэн и пэкIэ колхозым хэмытауэ къэкIуэжамэ, тумэн 15-кIэ доIэпыкъу.

А Iуэхугъуэ псори сэбэпыщхуэ мэхъу щIалэгъуалэр нэхъыбэу колхозым къыхэшэнымкIэ, абыхэм я лъэр хозяйствэм щегъэубыдынымкIэ.

ТЕКIУИН Жэмал.

Зэрыизрылъагъуэщи, сатум и хабзэр къызэпыкъухэр дапэкIэ зэуэн тхийм ешэлIэ хъунущ.

Сондэджэрхэм сатум и лэжьакIуэхэм зыпащIэри щIыхухэм къемэщIэкI хъэпыпхэр зыпщIагъэхъуэ, щIыпIэ жыжьэхэм кIуэурэ тыкуэнхэм щонахуэ, а псори фейдэ яIэу ящIэж. Абы къыхэкIыу РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм къищта унафэм сондэджэрымлажьэхэри Iыхьэщи ищIэкъым.

Къэбгъэлъагъуэмэ, РСФСР-м Зэрагъэкъуэнхэ и Кодексым 154-нэ и статьям щIэуэ куэд халъхьащ абы теухуауэ. Иджы сондэджэрым фейдэуэ къиригъэщIыр тумэнищIым ныпитIумэ, судыр хуитщ ар илъэсищым паблагъэкIэ игъэтIысыну. Ягъэкъуэнщэр зэман куэд щIауэ е мызэ-мытIэу сондэджэрыгъэм хэтмэ, е фейдэ ин (сом 200) къыхихамэ, е зэгурыIуэныгъэ яку дэлъу гупу щытамэ, е кооператив, нэгъуэщI общественнэ щытыкIэр къагъэсэбэпкIэрэ сондэджэрмэ, тезыр тралъхьэр нэхъ ткIий мэхъу: къуаншэхэр илъэсищым къыщыщIэдзауэ илъэсиблым нэскIэ ягъэтIыс хъунущ, я мылъкури Iэрыс ящIу, е ахъшэ сом мининтIым къыщыщIэдзауэ мини п щ I ы м нэскIэ етхьэкъунущ.

Сондэджэрыгъэм фейдэ ин дыдэ къыщихыну зи мурадри щыIэщ. Псалъэм папщIэ, фейдэр сом мин хъумэ е щIигъумэ, е япэми зэ сондэджэр Iуэхукlэ тезыр тралъхьауэ щытамэ, къуаншэр илъэситхум къыщыщIэдзауэ илъэсипщIым нэскIэ ягъэтIыс хъунущ, и мылъкур Iэрыс ящIу.

Нэхъыбэрэ уарохьэлIэ сондэджэр щIыкIуфэкIуэхэм. Ар щIыкIуу къыщалъытэр фейдэуэ къыригъэщIыр тумэнищIым фIэмыкIэщ. Апхуэдэ къуаншагъэ зылэжьам зы илъэсым къриубыдэу тIэу административнэ тезыр телъауэ аргуэру къаубыдамэ, илъэс нэскIэ и улахуэм щыщ Iыхьэ хагъэкI хъунущ къэралым и фейдэуэ е сом миным щыщIэдзауэ минищым нэскIэ етхьэкъунущ. Зэрынэрылъагъущи, сондэджэрыр щIыкIуми и тезыр инщ.

СЭРАХЪЭ Александр,
прокурор.

● Текlуэныгъэ иныр илъэс 45-рэ щрикъум ирихьэлlэу

Шынагъуэт Анзор и гъуэгуанэр

Колхозхэр щызэгухьагъэцlэ лъэхъэнэм Арыкъ куэжэм щыщ Бэлахъуэ Анзор школ-интернатыр кlуэхауэ, еджапlэ нэхъыщхьэм щlэтlысхьэну зигъэхьазырырт. Абы къыжраlэрт: «Кlуэ мэкъумэш еджапlэ. Плъагъуркъэ, къуажэр хуейщ абыкlэ щlэныгъэшхуэ зиlэ lэщlагъэлlэ»... «Сыт мыр щlым щlебгулlыр? Ирехъу къалэдэс, къудыкъущlэ»,... ядэртэкъым адрейхэм.

Анзор Тэрчкъалэ щыlэ мэкъумэш институтым зы илъэскlэ щеджащ. Ауэ абы и гур нэхъ щыlэт гъущl гъуэгум и лэжьакlуэхэр къыщlэзыгъэкlыу а къалэ дыдэм дэт политехническэ училищэм. Икlи абы щlэтlысхьэжри, 1938 гъэм кlуэхащ. Щlалэр а къалэм щыщыlа зэманым дэ хуэlухуэщlэми хурагъэджащ, хуагъэсащ. Кlэщlу жыпlэмэ, лlы хъуауэ зилъытэжу, илъэс 22-рэ и ныбжьу Анзор зыхуеджа lэщlагъэм ирилажьэу щlедзэ. Гъущl гъуэгум инженеру зы илъэскlэ щылэжьауэ, 1939 гъэм ноябрым дэзм кlуэлыкlу щищlэну ираджэ. Щlалэ жаным фlэфlт салэт фащэр, нэщанэкlэ, къэжэкlэ, нэгъуэщlхэмкlи зэпеуэныр. И ныбжьэгъухэм бэщ чагъкlэ, lэкlуэлъакlуагъкlэ къахэщу хуожьэ.

Абы къулыкъу щищlэрт Мичурин къалэм Воровскэм и цlэкlэ щыlэ сянэ Бэракъзехьэ гъущl гъуэгу lуэхухэм егъэщlылlа полк щхьэхуэм. Абы техникэкlэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ зыщlэну а къалэ дыдэм дэт политехническэ училищэм. Икlи абы щlэтlысхьэжри, 1938 гъэм кlуэхащ. Щlалэр а къалэм щыщыlа зэманым дэ хуэlухуэщlэми хурагъэджащ, хуагъэсащ. Кlэщlу жыпlэмэ, лlы хъуауэ зилъытэжу, илъэс 22-рэ и ныбжьу Анзор зыхуеджа lэщlагъэм ирилажьэу щlедзэ. Гъущl гъуэгум инженеру зы илъэскlэ щылэжьауэ, 1939 гъэм ноябрым дэзм кlуэлыкlу щищlэну ираджэ. Щlалэ жаным фlэфlт салэт фащэр, нэщанэкlэ, къэжэкlэ, нэгъуэщlхэмкlи зэпеуэныр. И ныбжьэгъухэм бэщ чагъкlэ, lэкlуэлъакlуагъкlэ къахэщу хуожьэ.

Абы къулыкъу щищlэрт Мичурин къалэм Воровскэм и цlэкlэ щыlэ сянэ Бэракъзехьэ гъущl гъуэгу lуэхухэм егъэщlылlа полк щхьэхуэм. Абы техникэкlэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ зыщlэну а къалэ дыдэм дэт политехническэ училищэм. Икlи абы щlэтlысхьэжри, 1938 гъэм кlуэхащ. Щlалэр а къалэм щыщыlа зэманым дэ хуэlухуэщlэми хурагъэджащ, хуагъэсащ. Кlэщlу жыпlэмэ, лlы хъуауэ зилъытэжу, илъэс 22-рэ и ныбжьу Анзор зыхуеджа lэщlагъэм ирилажьэу щlедзэ. Гъущl гъуэгум инженеру зы илъэскlэ щылэжьауэ, 1939 гъэм ноябрым дэзм кlуэлыкlу щищlэну ираджэ. Щlалэ жаным фlэфlт салэт фащэр, нэщанэкlэ, къэжэкlэ, нэгъуэщlхэмкlи зэпеуэныр. И ныбжьэгъухэм бэщ чагъкlэ, lэкlуэлъакlуагъкlэ къахэщу хуожьэ.

Абы къулыкъу щищlэрт Мичурин къалэм Воровскэм и цlэкlэ щыlэ сянэ Бэракъзехьэ гъущl гъуэгу lуэхухэм егъэщlылlа полк щхьэхуэм. Абы техникэкlэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ зыщlэну а къалэ дыдэм дэт политехническэ училищэм. Икlи абы щlэтlысхьэжри, 1938 гъэм кlуэхащ. Щlалэр а къалэм щыщыlа зэманым дэ хуэlухуэщlэми хурагъэджащ, хуагъэсащ. Кlэщlу жыпlэмэ, лlы хъуауэ зилъытэжу, илъэс 22-рэ и ныбжьу Анзор зыхуеджа lэщlагъэм ирилажьэу щlедзэ. Гъущl гъуэгум инженеру зы илъэскlэ щылэжьауэ, 1939 гъэм ноябрым дэзм кlуэлыкlу щищlэну ираджэ. Щlалэ жаным фlэфlт салэт фащэр, нэщанэкlэ, къэжэкlэ, нэгъуэщlхэмкlи зэпеуэныр. И ныбжьэгъухэм бэщ чагъкlэ, lэкlуэлъакlуагъкlэ къахэщу хуожьэ.

офицер гупым щыщу щым адэкIуэм я псэр нахьэсакъым. Адэж щыщIедэзэуэм и бэлыхьыр гъэбыным.

Бэлахъуэр зыхэчар сэлэтхэр, зауэ хуэIухуэщIахэр, Iэшэ-фащэхэр зауэ Iэнатlэхэм гъунэ гъуэгукIэ тэмэму яхуегъэзэнэныр зи пщэ дэлъхэрт. Ищэдзыкъым абы [illegible] и отделым и унафэщIым и деж екIуэлIэну. Ар кIуащ Любищэ кьалэм дэзм и губгъуэ управленэу щыIэм и комендатурэм. Ар нэмыцэхэм зыщагъэбыда Лычковэ щIыпIэм зэрыпэжыжьэр километрий къудейт.

— Ди дэхэм псынщIэу яIэрыхьэн хуейуэ станцым нагъэсхэр, — жеIэ Бэлахъуэм, — здэкIуапхъэмкIэ дунэтIыну, дунэщIыну Iэмал къыдатыртэкъым — махуэ пэом топышэмрэ лагъымхэмрэ къыттрагъэлъагъэрт, кхъухьлъатэкIэ къытщхьэщыхьэрейт. Абы нэхърэ щынагъуэ кIыщIэрт дикIуэт хъужыкъуэмэ, къызэрыдгъэувэну хуэдгъэхъазыра станцыр, гъущI гъуэгур хьбасабэ хъунымкIэ. Итlани станцым къытехьэр здэкIуапхъэм нэмыгъасу хъунутэкъым — нэхъыбэм ахэр жэщым зэбгредгъэшырт, эшелонхэр здэкIэ-мыдэкIэ дутIыпщырт.

Псоми тщIэрт — цIыхухэр, зауэ хуэIухуэщIахэр зыдакъикъэ нэхъ мыхъуми бгъэгувэмэ, кърикIуэну кыкъусаныгъэшхуэхэр, — къыпещэ Анзор. — Абы къыхэкIыу зыми шэр къызэрылъагъэр кIилъытэртакъым — псынщIэу и кьалэныр зэригъэзэщIэным и кьарур, зэфIэкIыр ирихьэлIэрт.

1942 гъэм Анзор нэхъ Iэнатlэ гугъуэ Iуохуэ. Дзэм и зэпыщIэныгъэхэмкIэ отделыр Крестцы станцым ягъэIэпхъуэ. Иджы абы пыщIэныгъэр къыщызэригъэпэщын хуейщ ЕпщыкIуэанэ армэм и мызакъуэу, 27-нэ, 54-нэ армэхэми. А станцым нэмыцэхэм я нэIэ нэхъ ткIи-

Налшык шы'э «Севкавэлектроприбор» заводым илъэс 30 нэблагъэ япэкIэ лэжьэн щыщIидзащ Черноиванов Георгий (сурэтым). Абы и Iэдакъэщ1экIыр сыт щыгъуи дагъуэншэу кьалъытэ, и кьалэнхэм щыщIримыгъэгъу къэхъуркъым.

Тезыхар **ЩОМАХУЭ Владимирщ.**

фащIым ирет. Иужьк1э къызэрыщIэкIамкIэ, Анзор къэубыдар нэмыцэхэм кърадзыха тIасхъэщIэхт. Абы папщIи Бэлахъуэм саугъэту Iэпщэ сыхьат кърат.

— Нэмыцэхэм фIыуэ ящIэрт дэ ди Iуэхур — щэхур хъумэныр, зэпыщIэныгъэр тэмэму къызэдгъэпэщмэ, ди дэхэр нэхъ псынщIэу зэребгъэрыкIуэр, текIуэныгъэ нэхъыбэ къызэрахьыр, Абы къыхэкIыуи, абы хэм я кхъухьлъатэхэр ди «кIэм текIыртэкъым», я минометхэм, топхэм шэр, лагъымыр кыттрагъэлъагъэрт, — жеIэ Анзор. ИкIи къеIуэтэж махуи 3—4-кIэ зыщепльэ вагон щыкIуплIыр жэщым къэса нужь, нэху здэщым къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ кхъухьлъатэ 20-м нэс пшэ фIыцIэу къыщызэрыкъуэхыу бомбэхэр къызэрыраутIыпщхьэхар. Абы щыгъуэ нэмыцэхэр трагъэщхьэрыукIри бомбэхэм я нэхъыбэр вагон нэщIхэм трагъэкIутауэ щытащ. Iэщэфащэм, дзэ хуэIухуэщIэ хьэпшыпхэм ящыщ зыкъом яфIэкIуэдами, нэхъыбэр кърагъэлри, фронтхэм хурагъэшауэ щытащ.

Зауэ Iэнатlэм лIыгъэ, хахуагъэ къызэрыщигъэлъагъуэм, командованэм и пщэм ирилъхьэ кьалэнхэр щIыхь пылъу зэригъэзащIэм, дзэ зэпыщIэныгъэр IэкIуэлъакIуэу къызэрызэригъэпэщым къыхэкIыу а лъэхъэнэхэм Бэлахъуэм Краснэ Звезда ордену тIу, Хэку зауэшхуэ етIуанэ степень орден, медалхэр къыхуагъэфащэ.

1 мелардрэ мелуани 100-м щIигъуащ

ПЕКИН. (ТАСС). КНР-м сабийуэ къыщалъхум и план гъэувыным тёуха Iуэхухэмкlэ кърал комитетым и председатель Пэн Пэйюнь зэрыжиIамкIэ, къэралым цIыхуу исым псынщIэу хэмыгъэхъуэным хуэунэтIа Iуэху хэкъуэзахэр ялэжьынущ. Иужь зэманым абы теухуауэ зыкъом эдгъэхъулIа щхьэкIэ, жиIащ абы, дэ зэрыдубзыхуауэ щытам елытауэ сабий кэхъыбэ къалъху. Иджыпсту КНР-м цIыхуу исыр 1 мелардрэ мелуани 112-м нэблэгъащ.

Инщэ-Кхъуэхьэпlэ китайскэ провинцэм нэхърэ цIыху нэхъ Iув щыпсэу щIыпIэ къэралым иIэкъым, ауэ нужь зэманым абы сабийуэ къыщалъхуар нэхъ мащIэ ящIыну яхуэзэфIэкIащ. Ар къызыхэкIар илъэсищ япэкIэ ягъэува гъунапкъэхэм зэращхьэдэмыхарщ.

Уездхэм я социально-экономическэ зыужьыныгъэм кърикIуахэм тещIыхьауэ зэхалъхьа программэм ипкъ иткIэ иджы сабий куэд къэралым къызэрыщамылъхунум хуэунэтIа Iуэхухэр ялэжь. Къащтэмэ, Сычуань щыщ унагъуэхэм япэм сабий тхурытху яIэу щытамэ, иджы ику иту яхуэзэр тIурытIщ.

Ауэ итIани КНР-м цIыхуу щыпсэум зэрыхэхъуэм тегуэвыхьын хуейщ.

СЭВ-м пыщIауэ щытыным и телъхьэу

БОНН. (ТАСС). ГДР-м и премьер-министр Л. де Мэзьер жиIащ лъэхъэнэ пыухыкIам къриубыдэу ГДР-р СЭВ-м къыхэнэным зэрителъхьэр. Абы къызэригъэпэщынт ГДР-м СССР-м; а организацэм хэт нэгъуэщI къэралхэм яхунIэ сату-экономическэ пыщIэныгъэхэр зэпIэзэрыту къэнэныр. «Дэ, — жиIащ абы «Вельт» западногерманскэ газетым интервью щритым, — къэдгъэхъу хъунукъым ФРГ-м худиIэну экономическэ союзыр къызэдгъэпэщкIэрэ, хьэпшыпхэр щэным, къащэхуным кIэлъыплъыныгъэ щимыIэ щытыкIэ щыIэныр... Советскэ Союзым хьэпшыпхэр егъэшэным и Iуэхум ныкъусаныгъэхэр имыгъуатын папщIэ Iуэхугъуэ белджылыхэр лэжьыи хуейщ. Ар дэ хьэпшыпу къыщIэдгъэкIым и процент 10 махъу икIи цIыху мин 600-м нэблагъэ щылэжьэн Iэнатlэ къызэрегъэпэщ. Нэгъуэщ1 лъэныкъуэкIэ, ГДР-р хуэныкъуэнущ щыдагъэу, газу, нэгъуэщI сырьеуэ иджыпсту къыIэрыхьэм. Абы къищынэмыщIауэ СЭВ-м кьыхэнэжьным ГДР-м Iэмал кърытынущ Iэнатlэ зыбжанэм я предприятэхэр иригъэфIэкIуэну».

Советыдзэхэр ГДР-м дэпэкIи къызэринэну зэманым зэрыщIэупщIам жуаIэ ритурэ, ГДР-м и правительствэм жиIащ ар «2-м хэлъхьэ 4-р» формулэм тету зэпсэлъэныгъэхэр зэрекIуэкIым, апхуэдэуи СБСЕ-м и гъунапкъэхэм къриубыдэу мамыр хабзэхэр къызэгъэпэща зэрыхъум зэрелъытар.

БЕРЛИН. ГДР-м и къалащхьэр мис мыпхуэдэу уегъэлъагъу телеобъективым. Абы зэгъунэгъу ещI къалэм дэт уи-

хэмрэ щIыпIэ хъэлэмэтхэмрэ. Сурэтыр щытрахащ Бранденбургскэ куэбжэхэм я деж, западноберлинскэ лъэныкъуэмкIэ.

Апхуэдэу Iуэхугъуэфикlэ ушыгъэ гъунэщ СССР-м щIэныгъэмрэ техникэмрэ я лъэныкъуэкIэ хэлъхьа къулыкъушIэхэр хэлэ-корейскэ компаниехэм я производственнэ Iэмалхэм пыщIэнэм. Мурад ящIащ зэгъусэу ирагъэкIуэкI тематическэ семинархэм, щIэныгъэ-техническэ информацэрэ IэщIагъэлIэкIамкIэ зэхъуэжным зрагъэубгъуну. Псалъэм папщIэ, Хэлэ-Кореим и Сеул къалэм щекIуэкIа «Лицензиторг» союзпсо объединенэм и представительствэ Сеул къыщызэIухыным теухуауэ дэжьыгъуэ ирагъэкIуэкI. ЛъэныкъуитIми я фейдэ зыпылъ зэпыщIэныгъэхэм дунэкIи зегъэужьыным тезыгъэгушхуэ Iуэхутlыпэу къалэдэсхэр гъуащ 1989 гъэм СССР-м и корейскэ хьэпшыпхэм я выставкэ, апхуэдэуи советскэ выставкэ мы гъэм майм Сеул къыщызэгъэпэщцыныр. А псоми Iэмал кьат, къыщагъэлъагъуэ зэгъусэу кьащта коммюникем, «советско-южнокорейскэ Iуэху зэпыщIауэ цIыгум и дэлъхубзэкIэ зэгурыIуэхащ. «Лицензиторг» союзпсо объединенэм и представительствэ Сеул къыщызэIухыным теухуауэ дэжьыгъуэкIэ зэгурыIуэхащ. ИрагъэкIуэкI. ЛъэныкъуитIми я фейдэ зыпылъ зэпыщIэныгъэхэм дунэкIи зегъэужьыным тезыгъэгушхуэ Iуэхутlыпэу къалэдэсхэм

УЭРЭДХЭМ, КЪАФЭХЭМ Я МАХУЭШХУЭ

ХУДОЖЕСТВЕННЭ САМОДЕЯТЕЛЬНЭ КОЛЛЕКТИВХЭМ Я ЕПЛЪЫНЫГЪЭ

И фэ, и ныбэ ирилъхьэ къуденкIэ ирикIуу псэу цIыхур тхьэмыщкIэщ. Абы нщIэн хуейщ къызыхэкIа и лъэпкъым и музыкальнэ искусствэм и зэфIэкIыр зыхуэдэр, и литературэм и зыужьыкIэр, и хабзэр, нэмысыр, езыр цыпсэу щIыпIэм ис цIыху псоми ягъуэта зыужьыныгъэр... А псоми уфIэкIыжрэ адэкIэ уIэбэмэ — гулъытэ, гущIэгъу хэлъу щытын хуейщ.

А псоми щыгъуазэ ухъун щхьэкIэ мыхьэнэшхуэ яIэщ жьэрыIуатэ творчествэм, къафэ дахэу игъащIэ лъандэрэ ди щыпIэм щыпсэу лъэпкъхэм къадекIуэкIхэм, уэрэд жьгъыруу гум, псэм зезыгъэIэтым, дамэ къуптезыгъакIэм.

НтIэ, хэт ахэр псори зэуIуу цIыхухэм я деж нэхъыбэу нэзыльэсырыр? Художественнэ самодеятельнэ коллективхэм я лэжьыгъэм сыт щыгъуи жыдэжру хэт уэрэджьакIуэхэрщ, къафакIуэхэрщ, литературэм, искусствэм и лэжьакIуэ псэ хьэлэлэ зиIэхэрщ. Гугъу уехьами, уи Iуэху зэхуэмыдэщэмэ, сыт хуэдэ нэгъуэщI зэфIэмыхьэныгъэрэ щыщIэныгъэрэ уи гъащIэм хэлъу къыумылъытэжами — псори пщогъупщэ къафэхэр, уэрэдхэр, гушыIэ дахэхэр къебэкIыу, макъамэ гуакIуэхэр аобэкэм къыхыхьэжу концертыфI уеплъэ нэужь. Арац адэкIэм игъащIэми пщIэ щIахуищIыр уэрэджьакIуэхэм, къафакIуэхэм, шыпкъуэхэм. Инг я пщIэри я щыхэри, псалъэм щхьэкIэ, яIэм щыIа дэгуакIуэхэм....

А псори ягу къэкIыжауэ, щIэрыщIэу егупсысыжауэ къыщIэкIынщ иджыолагъэ художественнэ самодеятельнэ коллективхэм я еплъыныгъэ Нарткъалэ щекIуэкIам кърихьэлIахэм щыпц куэдыр.

Дэтхэнэ гуфIэгъуэ зэхыхьэми езым и плъыфэ иIэщ. Езым хуэдэ нэгъуэщI куэдым кIэрищхьэщыкIыу зыгуэр хэмылъынкIэ Iэмал иIэкъым. Еплъыныгъэр мы щIыпIэм адрей щекIуэкIахэм къаззрыщхьэщыкIамэ, ар зэи хуэмыдэжу мыбы цIыху куэд къызэрекIуэлIар арауэ къыщIэкIынущ. Мыбы цIыхуу къекIуэлIам хуэдиз кърихьэлIэу Нарткъалэ щыIаIами, ящыгъупщэжагъэнт.

...Тхьэмахуэт, зыгъэпсэхугъуэ махуэти, цIыхум яхущIыхьэрт. Аруан районым Культурэмкlэ и унэм и бжэIупэм къэсыр къыщыувыIэурэ, цIыхур пщэдджыжьыпэр имыкIыу Iуэ къызэрыгъэхъуащ. Псалъэ шэрыуэхэр, гушыIэхэр, дыхьэшх макъ жьгъырухэр, адыгэ пшынэ лIэужьыгъуэхэм, музыкальнэ Iэмэпсымэхэу япэм щыIахэми иджы щIэуэ къежьахэми я макъамэ зэхыхьэжыр... абдежым зыри щыплъагъуртэкъым икIи щызэхэпхыртэкъым укъызэщIэзымыIэтэ, гуфIэгъуэ къозымыт, жэрдэм къыпхэзымылъхьэ.

Зы гуфIэгъуэшхуэ дыдэ гуэр езым и щхьэкIэ къехъулIам хуэдэу щыгуфIыкIыу а псоми яхэплъэрт районым Культурэмкlэ и унэм и директор Монжос Азэ. Илъэс 20-м нэсауэ культурэм и Iуэхущ1апIэ зэмылIэужьыгъуэхэм пэрыта, мыпхуэдэ махуэшхуэ куэдым хэта а цIыхубэ жыджэрым нобэ екIуэкI псори игъэщIагъуэрт и щыпэлъагъу нэхъей, и щэщыгъуэт. Ар апхуэдэу зэрыщытыр куэдым яфIэхьэлэмэтт, ауэ Азэ и лэжьакIэм щыгъуазэхэм фIыуэ кърыдгурыIуэрт абы иригъэкIуэкI дэтхэнэ Iуэхурм сыт щыгъуи щIэщыгъуэ къызэрыщыхъужыр. Нобэрей махуэшхуэхэми Азэ и лэжьыгъэ хэлът мымащIэу.

Цыхубэ творчествэм и махуэшхуэм зи лэжьыгъэ хэлъыр, абы зыхуэзыгъэхьэзырар Азэ сымэ я закъуэтэкъым. Я къафэхэмрэ я уэрэдхэмрэ зыхуэдэр мыбы щагъэлъэгъуэну нобэ къахуеблагъат районым и жылагъуэ псоми я самодеятельнэ артистхэр, ансамбль зэмылIэужьыгъуэхэм я коллективхэр. Абыхэм я закъуэтэкъым. Цыхубэ творчествэм и махуэшхуэм я концертхэр щатыну къеблэгъат театральнэ гуп зыбжанэ, адыгэ музыкальнэ Iэмэпсымэхэмкlэ ансамблхэр, псори зэхэту мы махуэшхуэм кърихьэлIат самодеятельнэ артистхэу 500-м щIигъу.

Псом япэу утыкум къохьэ районым Культурэмкlэ унэм уэрэдхэмрэ къафэхэмкlэ и «Нартхасэ» ансамблыр. И цIэм ещхьт афы и программэр зэрыуэхуари — нартхэм ятеуэхуа, адыгэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ къадэгъуэгурыкIуэ, цIыхухэм фIыуэ ялъэгъуа уэрэдыжьхэмрэ ди лъэпкъ къафэ гухэхъуэгъуэхэмрэт нэхъыбэу хэтыр. Абыхэм кърихьэлIа псори ятхьэкъуат, цIыхур бий мыщIын, абы Iэщэ зэи къыхуимыхын, оэм дэрэжэгъуэмрэ гуфIэгъуэмрэ зэрыпхуэзэфIэкIкIэ зэпхьэу псоуи—арат иреуэрэд, иректафэ, иремакъамэ, мы ансамблым а махуэм ита концерт псом и купщIэр.

Цыхум и гуфIэгъуэр кърибгъэлъэгъуэну къафэм къыпэхъун нэгъуэщI искусствэ лIэужьыгъуэ гуэри щыIэу къыщIэкIынкъым. ПыожьыщIэ цIыкIухэр абы щIэпыкIыным и мыхьэнэр инщ. Мыбы гулъытэ хэха щыхуащI Старэ Шэрэдж. «Нартхасэм» и ужькIэ утыкур хуит хуащI а къуажэм и артист цIыкIухэм. Кърихьэлахэр яфIэгъэщIэгъуэну еплъащ зи еджапIэ щIэтIысхьэгъуэ иджыри нэмыса щIалэ, хъыджэбз цIыкIухэм я къафэкIэм.

Апхуэдэу удихьэхыу щытащ а къуажэм и художественнэ самодеятельнэ гупым, Аргуданым Культурэмкlэ и унэм и артистхэм ягъэзэщIа адыгэ уэрэдхэри.

Иремахуэшхуэ, мыпхуэдэ еплъыныгъэ гуэрхэр екIуэкIынуи щрырет, мы районым зэи концерт щекIуэкIыркъым адыгэ хабзэм, тхыдэм, лъэпкъ культурэмрэ искусствэмрэ нэхъ темыгъэчыныхьауэ. Мыри апхуэдэу щытащ. Махуэшхуэм кърихьэлIа псоми я нэгу щIэкIащ адыгэ лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэ дахэхэм, щэныфIхэм районым пщIэшхуэ зэрыщыхуащIыр, абыхэм щыщу нобэ тIэкIу IэщIыб тщIахэри къагъэщIэрэщIэжыну зэрыхущIэкъур. Ар псоми хуэмыдэжу нэхъ щынэрылъагъут ди искусствэм щыщIэрыIуэ, лъэпкъ музыкальнэ Iэмэпсымэхэмкlэ IэпщIэлъэпщIагъэшхуэ зыхэлъ, уэрэджьыIакIуэ Iэзэ Хьэхъупащ1э Хьэсэн зи унафэщI шыкIэпшынэ сабий ансамблым, Псынабэ къикIам и деж.

Мы махуэшхуэр зэрыщыту къапщтэмэ, саонихэр нэхъ нэIурыту екIуэкIащ. Концерт дахэ куэд ягъэлъэгъуащ Джэрмэншыкрэ Старэ Урыхурэ Культурэмкlэ я унэхэм я къэфакIуэ цIыкIухэми езы Нарткъалэ и сабий уэрэджьыIакIуэ гупым хэтхэми.

Уэрэдхэр, къафэхэр, макъамэ зэмылIэужьыгъуэхэу узытхьэкъур жэщ хъуху зэпыуакъым. Лъэпкъ куэдым я культурэ щызэхьхат мы еплъыныгъэм. Адыгэхэр, урысхэр, балъкъэрхэр... абыхэми я закъуэкъым Аруан районым щыпсэур. Зы лъэпкъ къэнакъым мыбы къыхэмыхьэу. Гухэхъуэт а махуэм абыхэм я нэгум уиплъэну. Ахэр псори зыкIэ зэхуэгуапэт, зэхуэIэфIти!..

Си фIэщ хъуркъым апхуэдэ зэхыхьэкIэ, зэхэтыкIэ здэщыIэ ди республикэм игъащIэкIэ лъэпкъ зэхэгъэк щащIыну, зэгурымыIэныгъэ къихъуэну.

НАНЭ Лерэ,
КъБАССР-м Культурэмкlэ и министерствэм и республиканскэ щIэныгъэ - методическэ Центрым и лэжьакIуэ.

Украинскэ ССР. «Электрон» львовскэ щIэныгъэ-производственнэ объединенэм нэгъуэщI къэрал фирмэхэр къыдэIэпыкъуу комплекс пщIащ технологиещIэкIэ щхъуэкIэплъыкIэу къэзыгъэлъагъуэ телевизорхэр къыщIигъэкIыну. Абы зы илъэсым аппарат мин 300 щащIыпущ.

СУРЭТЫМ: комплексым и лэжьакIуэ Пылипив Еленэ «Электрон-423 ДИ» телевизор модель цIэрыIуэр егъэлъагъуэ.

(ТАСС).

ТХЫГЪЭМ ТХЫГЪЭ КЪРОКIУЭ

МАФIАЩХЬЭ ДЖЭД

Апхуэдэуи, гъэрэ щIырэ щызэхэкI махуэкIи еджэрт афы. ИкIи, адрей муслъымэнхэми хуэдэу, бгырысхэми фIыуэ ялъагъурт а махуэр. Дэ илъэсыщIэр къыщихьу къэтлъытэу щытари а махуэхуэрщ. Ауэ ар къуэтлъхьэжат. Зи зэраныр хэтыт? Ар цIыхубэ махуэшхуэт, зэрагъэныгъэ лъэпкъ къинэрэтекIым. Унагъуэ кIэс мафIащхьэ джэд дукIырт, лэкъуми ягъажкIэрт, пластэщIырт, аофхэм щыщ IыхьэхэрI гъунэгъу инщэми гъунэгъу нщхъэрэми хуэхьырт, езыхэми апхуэдэу къахьыжырт. Зэнзэныпс жалэртэ, псы ежэхым зыщагъэпскIырт. А псыр щIыIэми, зыри сымаджэ хъуртэкъым.

Иджы а махуэшхуэ хьэлэмэтыр къызэрыдахьыжыр ди гуапэ дыдэ мэхъу, абы хуабжьу дегъэгуфIэ. Занщ1эу жыIэнщи, мартым и 22-р мы гъэм щымылажьэ махуэу Ику ит Азием щыIэ респуоликэхэм зэрыщагъэувам сэри си ныбжьэгъу куэди дехъуэпсат. Ауэ дэ Хужьокъуэ Александр и «Iатэхэм—илъэсыщIэ» тхыгъэм дыкъеджэху тщIакъым а гъэрэ щIырэ щызэхэкI махуэр Нарткъалэ щагъэлъэпIауэ. Сыту гуфIэгъуэшхуэ а махуэшхуэм ди деж къызэригъэзэжари.

Иджы дэ дызыхуейр мыращ—гъэрэ щIырэ щызэхэкI махуэр республикэ псом къыщыIатыжын хуейщ, ар цIыхубэ махуэшхуэу гъэувыжыпхъэщ. Абы мыхьэнэшхуэ иIэнщ цIыхухэр, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэр гъэсэнымкIэ. А махуэшхуэм цIыхухэр зэрешалIэ, пэхъ зэпэгъунэгъу ещI, нэхъыфIу зэрегъэлъагъу.

ХЪАРЗЫНЭ Жангулэз.
Налшык къалэ.

КАВКАЗ ИЩХЪЭРЭМ

МЭКЪУМЭШ ЩIАПIЭХЭР ЯТХАЩ

Шэшэн-Ингушым и мэкъумэш щIапIэ картэм «Iэпапlэ хужь» иIэжкъым. «Севкавгипрозем» институтым и филиалым и IэщIагъэлIхэм къанэ щымыIэу зэфIагъэкIащ бгылъэ щIыпIэм и щIыхэр тхыныр.

Мэкъумэш щIапIэхэр автономнэ республикэм зэрыщатхам тэмэму икIи IупщIу уегъэлъагъу районхэм я мызакъуэу, атIэ дэтхэнэ хозяйствэми тещIыхьауэ вапIэхэм, мэкъупIэхэм, хъупIэхэм ягъуэта зэхъуэкIыныгъэр, нобэ яIэ щытыкIэр. Илъэсищкlэ ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм я ужькIэ IэщIагъэлIхэм Шэшэн-Ингушым и агропромышленнэ комплексым и лэжьакIуэхэм ипатащ мэкъумэш щIапIэхэм я зэхэлъыкIэ тэмэмыр къыщыгъэлъэгъуа тхылъхэр, щIыр егъэфIэкIуэн и лъэныкъуэкIэ щIэныгъэр и лъабжьэу зэхалъхьа чэнджэщхэр. ЩIыр къызэрагъэпэщ мы зэманым икъукIэ игъуэу ирагъэкIуэкIащ республикэм и щIыхэр тхыныр.

АСУЕВ Ш.,
ТАСС-м и корр.
Грозный.

И ФАЩЭР ЕХЪУЭЖ

«Атоммашым» и рабочэхэм къыIахащ ухуэныгъэм къыщагъэсэбэп оборудованэ щIынымкIэ япэ заказхэр. Ахэр нужь ихьащ ухуэныгъэм ирахьэлIэ материалхэр гъэхьэзырын папщIэ автоклавхэр къыщIэгъэкIыным.

Атомнэ энергомашиностроением и Волгодонской предприятэм дежкIэ щIэуэ щыт апхуэдэ продукцэм поплъэ кхъухьлъатэхэр зыухуэхэр, медикэр: атоммаш шыуанхэм, температурэ ин дыдэ зыIыгъыфынухэм, композиционнэ материал зэмылIэужьыгъуэхэр щыбгъэвэ, приборхэр инфекцхэм щащыпхъумэ хъунущ.

«Атомсервис» заводым и фирмэщIэр шэсыпIэ йоувэ заказыр игъэзэщIэным и мызакъуэу, оборудованэр езыгъэщIам и деж шэнымкIи, зэпкърылъхьэнымкIи, ужькIэ техническэ кIэлъыкIэныгъэ дегъэкIуэкIынымкIи. Апхуэдэ Iуэхутхьэбзэхэм хуэфащэ пщIэ къыщыхуащIащ къэрал щIыб сату щIыпIэхэми: «Атоммашыр» французскэ, западногерманскэ фирмэхэм япыщIащ.

БОНДАРЕНКЭ В.,
ТАСС-м и корр.
Волгодонск.

ПСЫ ХУЩХЪУЭХЭМ Я ЩIЫПIЭ

Союзпсо бальнеологическэ Iэзапlэхэр Осетие Ищхъэрэм щыухуэн папщIэ минеральнэ псы хущхъуэхэр къэгъэсэбэпынымкIэ сэбэп хъунущ Кавказ къуршхэм зи лэжьыгъэр щызэфIэзыгъэкIа «Источник» гидрогеологическэ экспедицэм зэхуихьэсахэр. Электроннэ аппаратурэр къагъэсэбэлурэ, автономнэ республикэм, Курортологиемрэ физиотерапиемкIэ Пятигорскэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и IэщIагъэлIхэм къахутащ щIы щIагъым щIэт псы хущхъуэхэр зыхуэдэмрэ зыхуэдэнымрэ. Абыхэм зэхалъхьащ бгылъэ щIыпIэм санаторно-курортнэ комплекхэр, минеральнэ псыхэр изыгъахъуэ заводхэр щыухуэн папщIэ зыхуей картэр.

— Природэр Осетие Ищхъэрэм жумарту къыхуэупсащ,—жеIэ РСФСР-м щIыхь зиIэ и геолог В. Цагоевым.—Уэсыщхьэ къуршхэм, мэз щхъуантIэхэм, кърш хьэуа къабзэм щытыкIэфI къызэрагъэпэщ мыбы иджырей курорт щIыпIэ ин къыщызэIухын папщIэ. ГъуэгуфIхэр здэкIуэ ауэхэм псы хущхъуэ лIэужьыгъуэу щищым нэблагъэ къыщахутащ икIи яджащ. Я хущхъуэгъуэкIэ ахэр йофIэкI къэралым и курорт цIэрыIуэхэм я псыхэм.

ВЦСПС-м, курортологиемрэ физиотерапиемкIэ Союзпсо ННИ-м Осетие Ищхъэрэм союзпсо Iэзапlэхэм зыщегъэужьыным теухуауэ программэ ин игъэхьэзыращ. Абы ипкъ иткIэ къахута минеральнэ псы къыщIэжпIэхэр и лъабжьэу лажьэу щыIэ санаторэхэм эрагъэубгъунущ, иджырей Iэзапlэ—узыншагъэр щрагъэфIакIуэ комплексу 8 ящухуэнущ. Къуршхэ щIыпIэм санаторно-курортнэ комплекс

ЕДЖАКIУЭХЭМ Я ГУЭХУЩIАПСЭ

Советскэ народым Хэку зауэшхуэм текIуэныгъэ кьызэрыщихьрэ илъэс 45-рэ, щрикъум Яныкъуей курыт школым и еджакIуэхэм жыджэру зыхуагъэхьэзыр. Мыры, и пионер дружинэм зэрехьэ летчик цIэрыIуэ, Советскэ Союзым и Лыхъужь Байсултанов Алим и цIэр. ЕджакIуэхэм я къуажэгъу цIэрыIуэм теухуа стендхэр къагъэщIэрэщIэж, махуэшхуэ концерт ягъэхьазыр.

Школым и еджакIуэхэм махуэшхуэм теухуауэ ирагъэкIуэкI гуэхугъуэхэм нэмыщI тимуровскэ лэжьыгъэ ри щIагъэхуабжьэ. Абыхэм гулъытэ хуащI зауэм хэтахэм нэмыщI зауэлIхэм ерыскьы яхуезыгъэшахэмкI. Апхуэдэу къуажэм куэд дэсщ. Апхуэдэхэм еджакIуэхэр ядоIэпыкъу.

Топ хъуреим и хъуреягъкIэ

Футбол

Арати, къэсащ спортыр фIыуэ зылъагъурэр щIалъэ кIыхькIэ дызэпэплъа зэманыр. Нобэ сыхьэтыр 18-рэ дакъикъэ 30-м Налшык и «Спартакыр» республиканскэ стадионым щызэдеджэгунущ ди командэ нэхъыщхьэмрэ Кременчуг кьикIа «Кременымрэ».

ИпэуэкIэ ди футболистхэр тIэу джэгуати, зы очкои къыхахыфакъым. Ар щыхьэт тохъуэ «Спартакыр» мы гъэм нахь гугъу зэрехьынум. Сыт ар къызыхэкIынур?

Дэ хуабжьу ди жагъуэ хъуат дыкъызыдэщI командэр нэгъабэ «буферно зонэ» жыхуаIэм зэрыхэмыхуар. Фигу къэдгъэкIыжынщи, а «зонэр» егIуанэ лигэмрэ япэ лигэмрэ зэпызыщIэ, абыхэм яку дэлъ «лъэмыжщ», «Спартакым» щубыдэр еблэнэ увыпIэрт. Арати, къыпыхуат. Ауэ, щужькIэ щхьэусыгъуэ зыбжанэхэр къыкъуэкIащ ди щIалэхэр зыщIэхъуэпсэ гупым хагъэхьэным ущагъэгугъэшу. Щымахуэ пэом Iуэхур зэIумыбзу щытащ: хагъэхьэну хьэмэрэ хамыгъэхьэну? Зэм хагъэхьауэ хъыбар къэIурт, иужькIэ пцIыуэ къыщIидзыжырт.

Чемпионатым щIидзэным махуэ бжыгъэ фIэкIа имыIэжу дэ къэтщIащ: Налшык и «Спартакыр» «буферно зонэм» хагъэхьа къудейкъым, атIэ ар щыджэгунущ абы и гуп нэхъ лъащ дыдэм. Зы лъэныкъуэкIэ, дауи, гуфIэгъуэщ, ауэ нэгъуэщI зы лъэныкъуэкIэ уеплъмэ-щэ? Япэхъуну пIэрэ ди командэр зыхэт гупым? Дыщогугъ япеуэфыну. Ауэ, къытыдогъэзжри ар зыхэхуахэм ящыщхэр япэ лигэм и мызакъуэу, лигэ нэхъыщхьэми фIы дыдэу щыджэгуу щытащ. Жыжьэ дымыIэбэу къэтщтэнщ Ворошиловград и «Заряр». НыбжькIэ нэхъ щIалэхэми ящIэж ар СССР-м и чемпион хъуауэ зэрыщытар.

Командэ лъащ дыдэхэщ Одессэ и СКА-р, Ригэ и «Даугавар», Львов и «Карпаты». Апхуэдэу IэкIуэлъакIуэхэщ адрей командэхэри. Абыхэм я нэхъыбэ дыдэр Украинэмрэ Белоруссиемрэ яйхэщ. Зэрыбелджылыши, абыхэм я футболым хуабжьу зиужьащ. Мис аращ ди командэм дежкIэ абыхэм япеуэныр хуабжьу гугъуу щIыщытынур.

Иджы дыдэ сахуэзащ «Спартакым» и унафэщIхэм. КъызжаIащ стадионым къекIуалIэхэм гукъыдэжыфI ирагъэгъуэтын папщIэ я къару зэ р е м ы б л э жынур. Командэм мыIейуэ зигъэхьэзыращ. Абы зэхъуэкIыныгъэшхуэ игъуэтакъым. С. Трубицыныр хэкIыжащ щхьэзыфIэфIу. ЩIэуэ хагъэхьащ нэгъабэ Изобильнэм и «Сигналым» жану щыджэгуа Хьэтэ Аслъэн, ЦСКА-м кьикIыжа Кращенко Сергей, «Нэжаным» и спортсмен нэхъыфI Сэкрэк Арсен сымэ. Узыщыгугъ хъуну щIалэхэщ.

Ауэ щыIэщ си псалъэгъуэхэр хуабжьу зытегуэвыхь Iуэхугъуэхэри. Зыдумысыжынщи, абыхэм я нэхъыбэр ди дежкIэ щIэуэ щыткъым, би гугъу тщIыр командэр зыхуеинухэмкIэ тэмэму къызэрыазрамыгъэ э п э щ а р щ. Иджыри къэс абы иIэкъым зэпымыууэ щIэгъэкъуэн къыхуэхъуфыну спонсор нэхъыщхьэ. Профессионал футболым къэрал псор щыхуэкIуэ мы зэманым ар хуабжьу къемызэгъщ. Псоми къагъэзугъэ зэгуэрхэр къыхуащIэну, къыщыхуащIи щыIэщ, ауэ нэхъыбэм ящогъупщэж.

Ди футболым дыщытепсэлъыхькIэ дэ куэдрэ къыдэдгъэжей хабзэщ ди командэ нэхъыщхьэр ди гъунэгъухэм яужь къызэринар. Ауэ зэдывгъэгъапщэт абыхэм яIэ Iэмалхэмрэ ди республикэм спортым щыхуащI гулъытэмрэ. Шурэ лъэсрэ я зэхуакуп. Псалъэм папщIэ, Орджоникидзе и «Спартакым» къалэ щIыбым щыхуащIащ базэ хьэлэмэт. Зыщыбгъэсэныи зыщыбгъэпсэхунри Iэмал псори щыIэщ. Ди деж апхуэдэ базэ щыхуэным и гугъу щащIыхэркъым. Пэжщ, республиканскэ стадионым иIэщ футболист общежит... зы тынщыгъуэ гуэри щумыгъуэтыну. НэгъуэщIым и гугъу умыщIыхи, гъуэлъапIэ щIэткъым. Командэм ахъшэ иригъэхькIэ телевизор кърагъэркъым. Ахъшэ Iэрылъхьэ яIэкъым. Мыгувэу, псори дызэрыщыгъуазэщи, футболымкIэ дунейпсо чемпионатыр къызэIуах. АтIэ ди щIалэхэр а зэIущIэхэм еплъын, абыхэм дерс къыхахын хуейкъэ? Видеокамерэр хуабжьу къахуэщхьэпэнут. Я джэгукIэм иужькIэ еплъыжынт, судьяхэм лей къыкIэлъызэрахьамэ, цIыхухэм ирагъэлъагъунт. Ауэ апхуэдэ Iэмэпсымэ ди командэм щIэх игъуэтыну къыщIэкIынукъым...

Псом ящхьэращи, щIалэхэм я лъэр жан зэращI Iуэхугъуэхэр щыIэкъым. Аращ ди спортсменхэм ящыщ куэд нэгъуэщI къалэхэм щIэлэпхъуэр. Ди командэр хуабжьу нэхъ лъэщу щытынт, лигэ нэхъыщхьэмэ, ягъэ лигэм кIуа футболист IэкIуэлъакIуэхэу Биджневыр, Хьэпэр, Псаевыр, Алчагировыр, нэгъуэщIхэри яхэтыжамэ. Ахэр здэкIуа щыпIэхэм щагъуэта Iэмалхэм хуэдэ ди респуоликэм къыщызэрагъэпэщ щхьэ мыхъуре? Аруут...ар зыхуэзэфIэкIынухэр, зи лъабыпIэкIэ зи къалэнхэр Iуэхум егугъуамэ, футболым, нэгъуэщI спорт Iэужьыгъуэхэм я гупэ хуагъэзамэ. Дэ зи гугъу тщIыр республикэм и улафэщIхэрщ. Ахэр зэреплъыр тщIэркъым, ауэ дэ хуабжьу дигу кьоуэ Къзоорден-Балъкъэрым спорт и лъэныкъуэкIэ езым хуэфащэ увыпIэ ди къэралым зэрыщимыубыдыр. Иджыблагъэ екIуэкIа хэхыныгъэхэм детутату зыщыхрагъэхьыным цIэзэна куэдым я программэхэм ирагъащ «культурэм, спортым хуащI гулъытэр къэтэын» псалъэхэр. Ауэ сэ абыхэм зыри къимыкIыу къызолъытэ — дэ десэжащ, уеолэмэ, дужэгъуащ а псалъэхэр. Дызыхуейр Iуэхущи, илъэс къэс нэхъыкIэ хъу зэпытщ.

Мы зэманым, псалъэм папщIэ, командэм и унафэщIхэр ягъэгузавэ Iуэхугъуэ куэдым: щIалэхэм ирагъэшхын, кхъухьлъатэкIэ зэрылъэтэну, мафIэгукIэ зэрежьэну оилетхэр къагъуэтыным. Уеблэмэ, афишэ къудеир требгъэдзэным бэлыхь ныщIащ. Шей, нарзан къащэхун папщIэ респуоликэм и Министрхэм я Советым и унафэщIхэм зыхуагъэзэн хуейщ...

Дэ дызыхэхуа Юго-западнэ зонэм хэтхэр фэдгъэцIыхунщ: «Спартак» (Налшык), «Старт» (Ульяновск), «Карпаты» (Львов), «Нива» (Тернополь), ФСК «Лори» (Кировакан), «Ширак» (Ленинакан), «Заря» (Ворошиловоград), «Днепр» (Могилев), СКА (Одессэ), «Заря» (Бельцы), «Балтика» (Калининград), «Закарпатье» (Ужгород), «Д и н а м о» (Брест), «Химик» (Гроднэ), «Ворскла» (Полтав), «Кремень» (Кременчуг), «Волынь» (Луцк), СФК «Дрогобыч» (Дрогобыч), «Буковина» (Черновцы), «Нива» (Винницэ), «Искра» (Смоленск), «Даугава» (Ригэ).

ШАЛ Мухьэмэд.

Командэхэр щыджэгуну махуэхэр

ЯПЭ КЪЕКIУЭКIЫГЪУЭ

Апрелым и 26-м

СКА Од — «Ширак»
«Заря» Бц — ФСК «Лори»
«Динамо» — «Заря» Вд
«Химик» — «Днепр»
«Волынь» — «Балтика»
СФК «Дрогобыч» — «Закарпатье»
«Спартак» — «Кремень»
«Старт» — «Ворскла»
«Даугава» — «Буковина»
«Искра» — «Нива» Вн
«Карпаты» — «Нива» Тр

Апрелым и 29-м

СКА Од — ФСК «Лори»
«Заря» Бц — «Ширак»
«Динамо» — «Днепр»
«Химик» — «Заря» Вд
«Волынь» — «Закарпатье»
СФК «Дрогобыч» — «Балтика»
«Спартак» — «Ворскла»
«Старт» — «Кремень»
«Даугава» — «Нива» Вн
«Искра» — «Буковина»

Майм и 6-м

ФСК «Лори» — «Динамо»
«Ширак» — «Химик»
«Буковина» — «Карпаты»
«Нива» Вн — «Нива» Тр
«Кремень» — «Искра»
«Ворскла» — «Даугава»
«Балтика» — «Спартак»
«Закарпатье» — «Старт»
«Заря» Вд — «Волынь»
«Днепр» — СФК «Дрогобыч»

Майм и 9-м

ФСК «Лори» — «Химик»
«Ширак» — «Динамо»
«Заря» Бц — СКА Од
«Буковина» — «Нива» Тр
«Нива» Вн — «Карпаты»
«Кремень» — «Даугава»
«Ворскла» — «Искра»
«Балтика» — «Старт»
«Закарпатье» — «Спартак»
«Заря» Вд — СФК «Дрогобыч»
«Днепр» — «Волынь»

Майм и 16-м

«Динамо» — СКА Од
«Химик» — «Заря» Бц
«Волынь» — ФСК «Лори»
СФК «Дрогобыч» — «Ширак»
«Спартак» — «Заря» Вд
«Старт» — «Днепр»
«Даугава» — «Балтика»
«Искра» — «Закарпатье»
«Нива» Тр — «Кремень»
«Карпаты» — «Ворскла»
«Нива» Вн — «Буковина»

Майм и 19-м

«Динамо» — «Заря» Бц
«Химик» — СКА Од
«Волынь» — «Ширак»
СФК «Дрогобыч» — ФСК «Лори»
«Спартак» — «Днепр»
«Старт» — «Заря» Вд
«Даугава» — «Закарпатье»
«Искра» — «Балтика»
«Нива» Тр — «Ворскла»
«Карпаты» — «Кремень»

Майм и 26-м

ФСК «Лори» — «Спартак»
«Ширак» — «Старт»
СКА Од — «Волынь»
«Заря» Бц — СФК «Дрогобыч»
«Химик» — «Динамо»
«Кремень» — «Нива» Вн
«Ворскла» — «Буковина»
«Балтика» — «Нива» Тр
«Закарпатье» — «Карпаты»
«Заря» Вд — «Даугава»
«Днепр» — «Искра»

Майм и 29-м

ФСК «Лори» — «Старт»
«Ширак» — «Спартак»
СКА Од — СФК «Дрогобыч»
«Заря» Бц — «Волынь»
«Кремень» — «Буковина»
«Ворскла» — «Нива» Вн
«Балтика» — «Карпаты»
«Закарпатье» — «Нива» Тр

Июньм и 1-м

«Волынь» — «Динамо»
СФК «Дрогобыч» — «Химик»
«Спартак» — СКА Од
«Старт» — «Заря» Бц
«Даугава» — ФСК «Лори»
«Искра» — «Ширак»
«Нива» Тр — «Заря» Вд
«Карпаты» — «Днепр»
«Буковина» — «Балтика»
«Нива» Вн — «Закарпатье»
«Ворскла» — «Кремень»

Июньм и 7-м

«Волынь» — «Химик»
СФК «Дрогобыч» — «Динамо»
«Спартак» — «Заря» Бц
«Старт» — СКА Од
«Даугава» — «Ширак»
«Искра» — «Лори»
«Нива» Тр — «Днепр»
«Карпаты» — «Заря» Вд
«Буковина» — «Закарпатье»
«Нива» Вн — «Балтика»

Июньм и 14-м

ФСК «Лори» — «Нива» Тр
«Ширак» — «Карпаты»
СКА Од — «Даугава»
«Заря» Бц — «Искра»
«Динамо» — «Спартак»
«Химик» — «Старт»
«Балтика» — «Кремень»
«Закарпатье» — «Ворскла»
«Заря» Вд — «Буковина»
«Днепр» — «Нива» Вн

Июньм и 17-м

ФСК «Лори» — «Карпаты»
«Ширак» — «Нива» Тр
СКА Од — «Искра»
«Заря» Бц — «Даугава»
«Динамо» — «Старт»
«Химик» — «Спартак»
ФСК «Дрогобыч» — «Волынь»
«Балтика» — «Ворскла»
«Закарпатье» — «Кремень»
«Заря» Вд — «Нива» Вн
«Днепр» — «Буковина»

Июньм и 21-м

«Спартак» — «Волынь»
«Старт» — СФК «Дрогобыч»
«Даугава» — «Динамо»
«Искра» — «Химик»
«Нива» Тр — СКА Од
«Карпаты» — «Заря» Бц
«Буковина» — ФСК «Лори»
«Нива» Вн — «Ширак»
«Кремень» — «Заря» Вд
«Ворскла» — «Днепр»
«Закарпатье» — «Балтика»

Июньм и 27-м

«Спартак» — СФК «Дрогобыч»
«Старт» — «Волынь»
«Даугава» — «Химик»
«Искра» — «Динамо»
«Нива» Тр — «Заря» Бц
«Карпаты» — СКА Од
«Буковина» — «Ширак»
«Нива» — ФСК «Лори»
«Кремень» — «Днепр»
«Ворскла» — «Заря» Вд

Июлым и 2-м

ФСК «Лори» — «Ворскла»
«Ширак» — «Кремень»
СКА Од — «Буковина»
«Заря» Бц — «Нива» Вн
«Динамо» — «Нива» Тр
«Химик» — «Карпаты»
«Волынь» — «Даугава»
СФК «Дрогобыч» — «Искра»
«Заря» Вд — «Балтика»
«Днепр» — «Закарпатье»

Июлым и 4-м

«Спартак» — «Старт»

Июлым и 5-м

ФСК «Лори» — «Кремень»
«Ширак» — «Ворскла»
СКА Од — «Нива» Вн
«Заря» Бц — «Буковина»
«Динамо» — «Карпаты»
«Химик» — «Нива» Тр
«Волынь» — «Искра»
СФК «Дрогобыч» — «Даугава»
«Заря» Вд — «Закарпатье»
«Днепр» — «Балтика»

Июлым и 11-м

«Даугава» — «Спартак»
«Искра» — «Старт»
«Нива» Тр — СФК «Дрогобыч»
«Карпаты» — «Волынь»
«Буковина» — «Динамо»
«Нива» Вн — «Химик»
«Кремень» — «Заря» Бц
«Ворскла» — СКА Од
«Балтика» — ФСК «Лори»
«Закарпатье» — «Ширак»
«Днепр» — «Заря» Вд

Июлым и 14-м.

«Даугава» — «Старт»
«Искра» — «Спартак»
«Нива» Тр — «Волынь»
«Карпаты» — СФК «Дрогобыч»
«Буковина» — «Химик»
«Нива» Вн — «Динамо»
«Кремень» — «Нива» Тр
«Ворскла» — «Заря» Бц
«Балтика» — «Ширак»
«Закарпатье» — ФСК «Лори»
«Днепр» — СКА Од

Редакторыр МЭЗЫХЬЭ Борисщ.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщидзэнур апрелым и 28-рщ.

ТВ

Апрелым и 27

Япэ программэ. 6.30 — «Дакъикъи 120-рэ». 8.30 — хоккей. Дунейм и чемпионат. СССР-мрэ Канадэмрэ я командэ къыхэхахэр. 10.15 — «Кинопанорамэ». 11.45 — «...Илъэс пщыкIух ныбжьым итхэм, нэхъыжьхэм папщIэ». 12.30 — Зэман. ХъыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ. 15.30 — хъыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ. 15.45 — «Свердловск и опернэм фрегъэблагъэ...» 16.35 — «Социализмэм пыщIа Iуэхугъуэхэр». 17.20 — мультфильм. 17.30 — ТекIуэныгъэр илъэс 45-рэ щрикъум ирихьэлIэу. «Полководецхэр». Документальнэ фильм. 18.30— Зэман. ХъыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ. 19.00 — мультфильм. 19.10 — «Псалъэмакъ мыдахэ». ЕзыгъэкIуэкIхэм яхэтщ Великобританием нэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ и министр Д. Хэрд. 19.30 — «Уэрэд-90». 21.00 — Зэман. ХъыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ. 21.30 — коллаж (рекламэ, информацэ, хъыбарегъащIэ). 21.35 — «Iуэху еплъыкIэ». 23.20 — документальнэ фильм. 00.50 — хъыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ.

ЕтIуанэ программэ. 21.00 — «Вертикаль». Документальнэ телевизионнэ фильм. 21.30 — спортыр псоми папщIэ. 21.45 — волейбол, СССР-мрэ Голландиемрэ я командэ къыхэхахэр.

ЩIыпIэ программэ. 17.00 — «Биллычи». ПэщIэдзэ классым щеджэхэм папщIэ (балъкъэрыбзэкIэ). 17.30 — «Поэт, морэ и вдохновение». Телевизионнэ фильм кIэщI. 18.10 — «Уэрэдыр зэрызэхалъхьар». Къарэмырзэ Ю. (адыгэбзэкIэ). 18.50 — щIэныгъэ-популярнэ фильм. 19.00 — телевизионнэ урок. Балъкъэрыбзэ. Апрелым и 24-м къатам къытрагъэзэж. 19.20 — документальнэ фильм. 19.30 — «Республикэм и махуэ». 20.00 — нэхъыбэфI фыкъанкI, цIыкIухэ! ЦТ. 20.15 — ТекIуэныгъэр илъэс 45-рэ щрикъум ирихьэлIэу. «ЩIэблэхэр зэпыщIаща» (адыгэбзэкIэ).

Р

Апрелым и 27

7.30—7.35 — газетым итхэр. 7.50—8.00 — фортепианнэ лъесэхэр. 17.15 — хъыбарыщIэхэр. 17.30 — «Пшыналъэ». Информационно - музыкальнэ программэ. 18.30—18.40 — «Ныбжьэгъуэгъэрэ къуэшыгъэкIэ дылъэщщи». КБГУ-м и доцент Унэж К. къэпсалъэ. Япэ къэтыгъуэ.

ДИ ХЭЩIАПIЭР: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цIыкIэ щыIэ урам, 5, епщIанэ къат.



ТЕЛЕФОНХЭР:

редакторым	— 2-21-64
приемнэм	— 2-22-89
редакторым и заместителхэм	— 2-21-86 2-22-81
ответственнэ секретарым	— 2-22-82
секретариатым	— 2-26-41 — 2-85-49

ОТДЕЛХЭР:

парт лэжьыгъэмкIэ	— 2-22-66
	— 7-32-15
идеологиемкIэ	— 2-60-53
	— 2-21-88
экономикэмкIэ	— 2-57-59
	— 7-22-63
социальнэ IуэхухэмкIэ	— 2-22-86
	— 7-31-54
культурэмкIэ	— 2-22-83
	— 7-31-69
хъыбарыщIэхэмкIэ	— 7-31-57
письмохэмкIэ	— 2-68-31
жэщ редакцэм	— 2-63-61
корректорхэм	— 2-60-27
газет цехым	— 2-35-60

КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и издательствэ

Ч 00609 Заказ № 3549